

Fason pou Itilize Fòm sa a: Ou kapab itilize fòm sa a pou mande dosye sante pèsònèl oswa pou bay WellSense otorizasyon pou pibliye enfòmasyon sante w bay yon lòt moun.

Enpòtan: WellSense Health Plan se yon òganizasyon pou jesyon swen, se pa yon founisè medikal. Konpayi an pa bay tretman medikal, ni li pa kenbe dosye tretman konsènan manm WellSense yo. WellSense trete reklamasyon founisè medikal yo soumèt, epi li kenbe dosye ki gen rapò ak reklamasyon sa yo. Ou dwe voye demann pou dosye medikal yo bay founisè medikal yo. Lè w ranpli fòm sa a, sa p ap afekte pèman pou sèvis ki garanti, enskripsyon nan WellSense Health Plan, oswa kalifikasyon w pou avantaj yo.

Tout espas ki nan fòm sa a obligatwa. Nou ap voye fòm ki pa fin ranpli oswa ki pa kòrèk yo tounen.

Enfòmasyon sou Manm nan (tanpri, ekri enfòmasyon yo byen klè ak lèt detache)

Nimewo idantifikasyon manm ou an (w ap jwenn li sou kat idantifikasyon WellSense Health Plan w lan)

Siyati manm lan

Prenon

Non nan mitan

Adrès

Vil

Eta

Kòd Postal

Telefòn

Enfòmasyon sou Pwodui a

Tanpri, chwazi tout pwodui ki aplikab avèk ou:

Massachusetts

- MassHealth
- Clarity plans
- Senior Care Options

New Hampshire

- NH Medicaid
- NHMedicare Advantage HMO

Kalite demann

Kalite Demann	Enstriksyon
<input type="checkbox"/> Inisyal (Nouvo)	Kare sa a pèmèt ou inisye yon nouvo demann epi li ap antre an vigè kou WellSense fin resevwa epi trete li jiskaske w soumèt yon modifikasyon oswa w anile li. Ranpli fòm nan an antye.
<input type="checkbox"/> Modifye (Chanjman)	Kare sa a se pou modifye yon demann ki la deja epi li ap antre an vigè kou WellSense fin resevwa epi trete li. Ranpli fòm nan an antye.
<input type="checkbox"/> Anile/Fini nan dat <hr/> <small>(mm/dd/yyyy)</small>	Kare sa a pèmèt ou kanpe yon demann ki la deja epi li ap antre an vigè nan dat ou antre a. WellSense pa responsab pou aksyon moun fè avèk bon entansyon yo anvan li resevwa epi trete demann sa a. Ou sèlman bezwen ranpli seksyon Enfòmasyon sou Manm nan, Enfòmasyon sou Pwodui a, Kalite Demann lan ak Siyati ki nan fòm sa a.

Benefisyè a (moun oswa òganizasyon ki ap resevwa enfòmasyon w yo)

Sou baz fòm sa a, mwen bay WellSense Health Plan otorizasyon pou pibliye enfòmasyon sante ki pwoteje mwen yo nan kourye lapòs oswa imèl ki sekirize, bay:

Non moun oswa òganizasyon an	Nimewo telefòn	
Adrès		
Vil	Eta	Kòd Postal

Deskripsyon sou enfòmasyon yo dwe pibliye yo (ki kalite enfòmasyon yo pral pibliye)

Tcheke tout kare ki aplikab yo	Ajoute peryòd tan pou enfòmasyon yo mande a	
<input type="checkbox"/> Pake Dosye ki Deziyen (li gen enfòmasyon sou enskripsyon, reklamasyon, jesyon itilizasyon famasi, ak jesyon swen)	Apati	Pou rive
<input type="checkbox"/> Dokiman sou Desizyon Konsènan Apèl pou Avantaj yo	Dat desizyon final la	
<input type="checkbox"/> Responsabilite Lòt Moun	Apati	Pou rive
<input type="checkbox"/> Enfòmasyon sou Jounal Apèl Sèvis Manm	Apati	Pou rive
<input type="checkbox"/> Enfòmasyon sou ko-pèman ak patisipasyon nan depans	Apati	Pou rive

Rezon pou yo pibliye yo (poukisa w ap mande dosye sa yo)

Egzanp: Sou demann mwen; pou rezoud apèl mwen an; pou ede sèvis asirans sante mwen an, pou rezon legal, elatriye.

Rezon

Kategori espesyal

Lwa federal ak Lwa Eta a egzije w bay otorizasyon byen presi pou pibliye enfòmasyon ki anba a menmsi w te tcheke yon kare anwo a. Endike ou bay WellSense Health Plan otorizasyon pou pibliye nenpòt nan enfòmasyon ki vin apre yo, lè w **mete inisyal ou sou tout sa ki aplikab yo.**

	Inisyal		Inisyal
Tès jenetik ak rezilta		Agresyon seksyèl	
Sante mantal/sante konpòtmantal		Abi sibstans/alkòl	
Vyolans domestik		Maladi moun pran nan fè sèks (STD)	
VIH/SIDA		Rapò Mamografi	
Avòtman			

Otorizasyon sa a ap rete an vigè jiskaske enskripsyon mwen an nan WellSense Health Plan fini oswa jiskaske mwen voye yon avi alekri konsènan anilasyon mwen an bay WellSense Health Plan nan adrès ki anba a, kèlkeswa sa ki rive an premye. Mwen konprann anilasyon otorizasyon mwen te bay WellSense Health Plan pou pibliye enfòmasyon mwen yo jan sa dekri anwo a, ap antre an vigè kou WellSense Health Plan resevwa epi trete anilasyon alekri mwen an, epi anilasyon sa a p ap valab nan ka kote WellSense Health Plan te deja aji an konfòmite avèk deziyasyon mwen an.

Mwen konprann dosye tretman alkòl ak/oswa dwòg mwen yo pwoteje sou baz règleman federal ki jere Konfidansyalite ak Dosye Pasyan ki gen Pwoblèm Itilizasyon Sibstans yo, 41 C.F.R. Pati 2, ak Lwa sou Transferabilite ak Responsablite Asirans Sante 1996 la (Health Insurance Portability and Accountability Act, "HIPAA"), 45 C.F.R. Pati 160 ak 164, epi yo pa kapab pibliye li san konsantman alekri mwen, sof si lalwa di yon bagay kontrè. Mwen konprann, si m mande sa, mwen dwe resevwa yon lis antite ki te resevwa enfòmasyon sou tretman alkòl ak/oswa dwòg mwen yo.

Apwobasyon (Ou menm OSWA reprezantan pèsònèl ou a dwe siyen epi mete dat sou fòm sa a, yon fason pou li fin ranpli)

Siyati Manm lan

Mwen te li epi mwen konprann kondisyon otorizasyon sa a epi mwen te gen posibilite pou poze kesyon sou fòm sa a ansanm ak divilgasyon enfòmasyon sante mwen yo.

Enfòmasyon sou reprezantan pèsònèl la

Yon reprezantan pèsònèl se yon moun ki gen otorite legal pou aji nan non yon lòt moun. Dwe gen yon kopi Pwokirasyon an, fòm pou Deziyen yon Reprezantan Pèsònèl la, oswa lòt dokiman

Lefètke mwen siyen anba a, sou baz fòm sa a, mwen chwazi bay otorizasyon ak tout konesans, volonte mwen, pou yo pibliye enfòmasyon sante mwen jan sa dekri anwo a.

legal nan dosye Plan Sante a oswa ou dwe soumèt yo ak fòm sa a.

Siyati Manm/Reprezantan Pèsonèl la

Dat

Non ak Lèt Detache

Voye fòm nan ranpli nan kourye oswa faks la bay:

WellSense Health Plan
Attn: Privacy Officer
100 City Square, Suite 200
Charlestown, MA 02129
Faks: 617-897-0884